# ZAMANAGÓY JÁMIYETTIŃ RAWAJLANIWINDA GLOBAL SIYASIY PROCESSLERDIŃ KONCEPTUAL HÁM ÁMELIY TÁSIR MEXANIZMLERIN ANALIZLEW.

**Mambetkarimov R. R.**
*Qaraqalpaq mámleketlik universiteti*

Búgingi kúnde globallasıw sharayatında dúnya júzi mámleketleri ortasında óz-ara jaqınlasıwlar bolıp atırǵanlıǵı hesh kimge sır emes. Globallasıw processinde bunday jaqınlasıwlar mádeniyatlardıń óz-ara ulıwmalasıwın, ilim-pán, jańa innovacialıq joybarlardıń islep shıǵılıwın hám de barlıq tarawlardıń rawajlanıwın belgilep berdi. XX ásirdiń basında aviaciyanıń háwij alıp rawajlanıwı, bul procesti jánede kúsheytip jiberdi. Globallasıw insanlardıń dúnya boylap shegaralarsız óz-ara múnásebetler ornatıw imkaniyatların jaratadı. Globallasıwdıń ózine tán táreplerin tómendegishe kórsetiwimiz múmkin: birinshiden, globallasıw turaqlı dawam etetuǵın proces sıpatında ómir súredi; ekinshiden, globallasıw, mámleketler ortasındaǵı shegaralardıń joq etiliwin (qandayda bir kontekste) keltirip shıǵaradı hám de insanlardıń hesh qanday shegaralarsız iskerliklerin ámelge asırıwına tiykar boladı; úshinshiden, globallasıw mádeniyatlardıń bir teklikke aylanıwına múmkinshilik beredi. Kórsetilgen usı ólshemler insaniyat jámiyetiniń qaysı aymaqta jasawına qaramastan óz tásirin tiygizip otıradı.

Du'nya ju'zi mámleketleriniń jańa geosiyasiy civilizaciyalıq rawajlanıw jolında kóplegen jańalıqlar júz bermekte. Bul álbette ilimiy-texnika tarawda rawajlanıwlar menen baylanıslı bolıp, olardaǵı mislı kórilmegen ózgerisler hám ilimiy texnikalıq revolyuciyalar jámiyettiń jańa rawajlanıw jolın hár tárepleme belgilep beredi. Bul mámlekettiń sociallıq turmısında oǵada quramalı, qarsılıqlı jaǵdaylar menen baylanısta ómir súredi. Tez pátler menen ózgeriwshi usı dáwir mámleketlerdiń rawajlanıwınıń jańa baǵdarların belgilep bermekte. Bul tariyxıy dáwirdiń ayrıqshalıǵı sonda, bárinen burın jámiyettiń sociallıq-siyasiy múnásebetleriniń tiykarǵı principleriniń demokratiyalasıwında gumanizmge qaray ózgeriwinde júzege shıqpaqta. Sociallıq siyasiy turmısınıń túrli salalarındaǵı dástúriy dárejede qáliplesken túsiniklerdiń mazmunı, kólemi hám xarakteri ózgermekte. Bunı biz dúnyalıq kólemde jámiyetlik, ekonomikalıq, siyasiy, mánawıy proceslerdiń globallasıwı, universallasıwı hám integrallasıwında óz sáwlesin tawıp atırǵanında bayqaymız. Dúnyalıq rawajlanıwǵa tereńirek názer taslaytuǵın bolsaq, onda onıń barlıq salalarınıń differenciyalanıwı, uqsaǵan baylanıslı adamlar toparınıń máplerine say ideya hám ideologiyalardıń qáliplesiwi hám ózgeriwi júz bermekte. XXI ásirdiń baslarında mine usı dinamikalıq proceslerge sáykes kóz-qaraslar, teoriyalar hám koncepciyalar qáliplespekte.

Dúnyada bar bolǵan dástúriy ideya hám ideologiyalar bir tárepten zamanǵa maslasıw procesin bastan keshirmekte. Ekinshi tárepten, olar jańa paradigmalar hám qaǵıydalar menen tolısıp barmaqta. Bulardı liberalizm, konservatizm, social-demokratiyalıq siyasiy ideologiyalar mısalında kóriwimiz múmkin. Sonday-aq, zamanımızdaǵı eń jas ideologiya bolǵan milliy ideologiyalar qáliplespekte. Ayrıqsha aytıp ótiw zárúr bolǵan jaǵdaylardıń biri bul XX ásir aqırlarında, XXI ásirdiń basında buzǵınshı ideya hám ideologiyalardıń da bar ekenligi, bunday buzǵınshı ideyalarǵa qarsı jedel góresiwimiz zárúr. Óytkeni biziń zamanımız oǵada quramalı ideologiyalıq kóriniske iye. Onı analizlew, dúnyadaǵı hár qıylı dóretiwshi ideya hám ideologiyalardan tájiriybeni úyreniw hám buzǵınshı ideyalarǵa qarsı góresiw siyasatımızdıń eń aktual wazıypalarınan bolıp esaplanadı.

Mámleketimizdiń progressiv rawajlanıwı ushın buzǵınshı ideologiyalarǵa qarsı góresiw mexanizmi islep shıǵıldı. Bul uzaqqa mólsherlengen strategiyalıq joybar tiykarında ámelge asırılıwı tiyis bolǵan maqsetler hám wazıypalar belgilep alındı. Atap aytqanda 2022-2026-jıllarǵa mólsherlengen mámleketimizdiń rawajlanıw strategiyası[1] usınday qáwiplerge qarsı góresiwde ayrıqsha áhmiyetke iye boladı.

Hár qanday mámleket hám jámiyet óziniń aldına qoyǵan ullı maqsetlerine erisiw ushın teoriyalıq tiykarlanǵan, anıq hám aydın bayan etilgen ideya hám ideologiyasına iye bolıwı zárúr, olardı basshılıqqa alıwı, olarǵa negizlenip óziniń ishki hám sırtqı siyasatın, ekonomikalıq, sociallıq, ruwxıy aǵartıwshılıq saladaǵı wazıypaların belgilewi kerek. Jámiyet hám mámlekettiń ullı keleshegin támiynlew ushın hár tárepleme jetilisken ideologiyaǵa zárúrlik tuwıladı bul haqqında áyyemgi Qıtay filosofı Konfuciy mámleketti tártipke salıp turıwshı siyasiy ideologiyanıń zárúrligin aytadı.[2, b. 34] Bunnan basqada siyasiy ilim ǵayratkerleri mámleketti basqarıwda ideologiyanıń ayrıqsha áhmiyetke iye ekenligi haqqında aytıp ótedi. Haqıyqatında geosiyasiy proceslerde ideologiyanıń ornı hám roli girewli. Sonlıqtan da, jámiyet rawajlanıwı ushın eń úlken qáwip bul ideologiyalıq qáwip esaplanatuǵını hesh kimge sır emes. Ideologiyalıq qáwiplerge qarsı góresiw hár bir mámlekettiń baslı wazıypası sıpatında belgilep alınǵan. Bunda informaciya tarawınıń rawajlanıwı mámleketler arasında kózge kórinbeytuǵın biraq júdá qorqınıshlı ideologiyalıq urıslardı keltirip shıǵarmaqta. Ideologiyalıq urıslardıń sheshimi sıpatında biz ideologiyalıq bilim yaǵnıy immunitetti qáliplestiriwimiz zárúr. Eger de ideologiyalıq bilim, immunitet durıs qáliplespese insanda ideologiyalıq boslıq payda boldı. Dúnya júzinde informaciya salası tiykarında siyasiy, diniy hám basqada ideologiyalıq tásirlerdi kórsetiw procesleri júz bermekte. Bulardı kúndelikli turmısqa tez tásir kórsetiwshi ǵalabalıq mádeniyat mısalında kórsetsek boladı. Bunday tásirlerdiń aldın alıw, olarǵa qarsı góresiw sheshimi sıpatında aksiologiyalıq hám praksiologiyalıq jandasıwlardı keltirip ótsek boladı.

Geosiyasiy proceslerde ideologiyalıq hám basqada qáwiplerge qarsı góresiwde biz tómendegi ilimiy tiykarlanǵan usınıslardı beremiz:

**Birinshiden**, mámleketlerdiń geosiyasiy proceslerde mámlekettiń ideologiyalıq pozicion roline dıqqat itibardıń kúsheytiliwi; **Ekinshiden**, geosiyasiy proceslerge xalıq qatnasınıń isshil jolǵa qoyılıwı hám olarǵa tásir etiw mexanizmlerin jańalaw; **Úshinshiden**, geosiyasiy proceslerde manipulyaciyalıq maǵlıwmatlardan jámiyet aǵzaların qorǵaw maqsetinde milliy tárbiyanı sińdiriwdiń teoriyalıq-metodikalıq bazasın jetilistiriw; **Tórtinshiden**, insan, jámiyet hám mámleket túsinikleri ortasındaǵı baylanıslardı jańa sistemada ele de jetilistiriwdiń strategiyalıq jolın bekkemlew.

Sonıń menen birge ideologiyalıq atmosferanı jaratıwda xalıq massasın bilimge baslaw, jaqsı turmıs paradigmasın usınıw eń alğı shárt esaplanadı dep kórsetiwimiz múmkin. Bunday tariyxıy proceslerde mámleketimizdiń progressiv rawajlanıwın belgiley otırıp Prezidentimiz Sh.M.Mirziyoyev «Búgin biz mámleket hám jámiyet turmısınıń bárshe tarawların túpten jańalawǵa qaratılǵan innovaciyalıq rawajlanıw jolına ótpektemiz. Bul biykarǵa emes álbette. Sebebi zaman tez pát penen rawajlanıp atırǵan házirgi dáwirde kim utadı? Jańa pikir, jańa ideyaǵa, innovaciyaǵa súyengen mámleket utadı degen pikirleri hárbir tarawda jańasha burılıs, jańa reformalardı amelge asıradı»[3] dep keltirip ótedi. Jáne de Prezidentimiz atap ótkenindey ǵarezsiz rawajlanıw jolında anıq maqsetlerdi gózlep jasawımız zárúr. Bul jolda ózimizge kritikalıq jandasıp, taza pikirlewge hám jańadan jańa innovaciyalıq ideyalardı jaratıp jasawımız kerek degen pikirin bayan etedi. Erisilgen jetiskenliklerge hayran bolıp otırıw rawajlanıw jolında eń úlken tosıq esaplanadı degen edi. Haqıyqatında da joqarıda aytılǵan pikirlerde búgingi kúnniń geosiyasiy kartinası berilip, olarǵa durıs jantasıw kerekligi húrmetli jurt basshımız tárepinen kórsetilmekte. Ulıwmalastırıp aytqanda geosiyasiy procesler tek ǵana bir mámleket yaki qanday da bir jámiyetke tásir etip qalmastan, pútkil insaniyat turmısında unamlı ózgerisler menen birge unamsız jaǵdaylardı da keltirip shıǵaradı. Sonlıqtan da, bul proceslerde jámiyet hám mámleket belgili bir poziciyalardan jantasıp, belgili bir juwmaqlardı islep, soǵan más óz strategiyalıq jolın alıp baradı.

**ÁDEBIYATLAR**


1. Oʻzbekiston Respublikasi Prezidentining Farmoni, 28.01.2022 yildagi PF-60-son
2. Жаҳон фалсафаси тарихидан лавҳалар (тажрибавий матн) I китоб. Тошкент - 2004 йил. 34-бет
3. Ўзбекистон Республикаси Президенти Ш.М.Мирзиёевнинг Олий Мажлисга мурожаатномаси 22-декабрь 2017-йил. 21-бет. Ózbekstan Respublikası Prezidenti Shavkat Mirziyoev BMSH Bas assambleyasınıң 72-sessiyasındaǵı bayanatı. 2017-jıl 19-sentyabr.
4. Oʻzbekiston Respublikasi Prezidenti Sh.M.Mirziyoyevning Oliy Majlisga murojaatnomasi 22-dekabr 2017-yil.


*Zamonaviy jamiyatning rivojlanishida global siyosiy jarayonlarning konseptual va amaliy ta’sir mexanizmlarini tahlil qilish.*

**Rezyume.** ushbu maqolada globallashuv sharoitida siyosiy tizimlarning transformatsiyasi, xalqaro munosabatlar dinamikasi ilmiy-nazariy asosda yoritiladi. Shuningdek, global siyosiy jarayonlarning milliy rivojlanish strategiyalariga, ijtimoiy-iqtisodiy barqarorlikka va institutsional islohotlarga koʻrsatadigan bevosita va bilvosita ta’sir omillari aniqlanadi. Ilmiy tadqiqot davomida tizimli, qiyosiy va institutsional yondashuvlar asosida global siyosiy ta’sir mexanizmlarining ishlash prinsiplari ochib beriladi.

**Kalit soʻzlar:** global siyosiy jarayonlar, siyosiy transformatsiya, xalqaro munosabatlar, geosiyosat, transmilliy institutlar.

*Глобальные политические процессы в развитии современного общества анализ механизмов концептуального и практического воздействия.*

**Резюме:** в данной статье на научно-теоретической основе освещается трансформация политических систем и динамика международных отношений в условиях глобализации. Также определяются факторы прямого и косвенного влияния глобальных политических процессов на национальные стратегии развития, социально-экономическую стабильность и институциональные реформы. В ходе научного исследования на основе системного, сравнительного и институционального подходов раскрываются принципы функционирования механизмов глобального политического влияния.

**Ключевые слова:** глобальные политические процессы, политическая трансформация, международные отношения, геополитика, транснациональные институты.

*Global political processes in the development of modern society analysis of conceptual and practical impact mechanisms.*

**Summary:** This article examines the transformation of political systems and the dynamics of international relations under globalization conditions on a scientific and theoretical basis. The factors of direct and indirect impact of global political processes on national development strategies, socio-economic stability, and institutional reforms are also identified. During the scientific research, the principles of functioning of global political influence mechanisms are revealed based on systemic, comparative, and institutional approaches.

**Keywords:** global political processes, political transformation, international relations, geopolitics, transnational institutions.